



Pou Piblikasyon Imedya: 06/02/2026

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL SOULIYE NOUVO KOLABORASYON ANT KOMITE
KONPANSASYON TRAVAYÈ YO, SUNY AK CUNY POU EDE TRAVAYÈ KI BLESE
YO JWENN AKSÈ GRATIS AK INIVÈSITE KÒMINOTÈ YO**

Baze sou Inisyativ SUNY/CUNY Reconnect Gouvènè Hochul la ak pwogram devlopman mendèv ki reyisi ki ekipe Nouyòkè ki blese yo pou yo rive nan mobilite siperyè

Kolaborasyon an montre aklè jan Gouvènman Eta a ap travay ansanm pou benefis Nouyòkè yo

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon nouvo kolaborasyon ant Komisyon Konpansasyon Travayè Eta Nouyòk la ak SUNY ak CUNY, pou sipòte Nouyòkè ki blese yo lè yo fè pwomosyon pou kolèj kominotè gratis pou elèv adilt atravè pwogram Rekonekte SUNY ak CUNY yo. Nan kad inisyativ SUNY ak CUNY Reconnect Gouvènè a, Eta Nouyòk ap bay frè lekòl, frè enskripsyon, liv ak founiti gratis pou adilt ki gen ant 25-55 ane ki poko gen yon diplòm kolèj e ki vle pou suiv yon diplòm asosye (etid dezan) nan yon domèn ki gen gwo demann. Komisyon Konpansasyon Travayè Eta Nouyòk la ap ankouraje travayè ki fèk blese yo pou yo aplike lè yo voye plis pase 5,000 lèt pa lapòs epi yo lanse yon nouvo paj wèb, wcb.ny.gov/reconnect, pou sansibilize moun.

"SUNY ak CUNY Reconnect se pwogram ki chanje lavi ki deja ede plizyè milye Nouyòkè sezi nouvo opòtinite pou yo jwenn diplòm nan domèn ki gen anpil demann yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandan n ap travay pou elaji pwogram sa yo epi enkli nouvo opòtinite pou jwenn diplòm, mwen vle asire tou ke chak Nouyòkè ki kalifye okouran de opòtinite yo genyen pou yo jwenn yon diplòm, jwenn yon bon travay, epi ede fè Nouyòk avanse."

Komisyon Konpansasyon Travayè Eta New York la te lanse yon nouvo patenarya avèk Inivèsite Eta Nouyòk (State University of New York, SUNY) ak Inivèsite Vil New York (City University of New York, CUNY) pou fè pwomosyon pwogram SUNY ak CUNY Reconnect yo epi sipòte Nouyòkè ki nan bezwen yo. Pou ede travayè blese yo aprann nouvo konpetans epi jwenn nouvo karyè apre yon aksidan oswa yon maladi ki gen rapò ak travay, pwogram SUNY ak CUNY Reconnect yo ofri yon liy sovtaaj pou ede yo retounen nan mache travay la. Konseye Reyabilitasyon Pwofesyonèl Komisyon Konpansasyon Travayè yo, ki travay kole kole ak travayè ki blese k ap chèche retounen

nan mache travay la, pral ede idantifye travayè blese ki kalifye yo epi mete yo an kontak ak pwogram kolèj gratis yo.

Prezidan Komisyon Konpansasyon Travayè Eta Nouyòk la, Freida D. Foster, te deklare, "Li ka devastatè lè yon travayè blese oswa maladi anpeche l retounen nan menm travay li. Inivèsite gratis atravè pwogram SUNY ak CUNY Reconnect yo ka bay travayè blese sa yo non sèlman espwa, men tou konpetans ak diplòm reyèl, pandan y ap travay pou yon pi bon avni."

Chanselye SUNY an, John B. King, Jr., te deklare, "Anba Gouvènè Hochul, Nouyòkè yo gen plis opòtinite pase anvan pou jwenn aksè ak yon edikasyon ekselan e abòdab, pou yo jwenn yon diplòm nan yon domèn ki gen anpil demann, epi pou yo rive nan nivo siperyè tout pandan y ap ede ranfòse kwasans ekonomik eta a. Patenarya sa a avèk Komisyon Konpansasyon Travayè yo se yon ekselan egzanp Gouvènè Hochul k ap itilize anpil zouti ki nan dispozisyon li pou benefisyè Nouyòkè yo ak eta nou an tout antye."

Konsèy Administrasyon SUNY te deklare, "Nou bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li fè pwomosyon pou pwogram SUNY Reconnect la avèk Nouyòkè ki blese ki k ap chèche nouvo opòtinite pou antre nan mache travay la kòm yon pati nan efò rekiperyasyon yo. Gras a gwo sipò Gouvènè Hochul ak lidè eta yo, SUNY Reconnect te ede enspire plizyè milye Nouyòkè pou yo jwenn diplòm kòm elèv adilt, epi n ap kontinye bay opòtinite nan kolèj kominotè yo atravè leta a."

Rektè CUNY, Félix V. Matos Rodríguez, te deklare, "Patenarya sa a reflekte objektif nou pataje pou nou rankontre Nouyòkè yo kote yo ye nan lavi yo epi elaji aksè ak edikasyon siperyè kòm yon chemen pwisan pou mobilite ekonomik ak yon pi bon avni. Nou kontan anpil dèske CUNY Reconnect ap ouvri pòt pou travayè blese yo ka jwenn konpetans, jwenn diplòm epi re-antre nan mache travay la avèk plis konfyans ak yon objektif. Nou remèsye Gouvènè Hochul paske li ede ogmante opòtinite edikasyon siperyè pou plis Nouyòkè toujou."

Nan kad [Diskou Eta Leta a pou ane 2025](#) Gouvènè Hochul la, SUNY ak CUNY Reconnect bay ekolaj, frè, liv ak founiti gratis pou elèv ki gen ant 25 ak 55 an k ap pouswiv yon diplòm asosye nan sèten domèn ki gen anpil demann, tankou fabrikasyon avanse, entèlijans atifisyèl, sibèsekirite, jeni, teknoloji, enfimyè ak domèn sante ki lye ak li, enèji vèt ak renouvlab, ak chemen pou ansèyman nan zòn ki gen mank resous yo. Gouvènè a te anonse plan pou elaji pwogram SUNY ak CUNY Reconnect ki te reyisi yo kòm yon pati nan [Diskou Eta Leta a pou ane 2026](#) li a.

Kòm yon patinan bidjè ane fiskal 2027 la, Gouvènè Hochul ap pwopoze yon investisman 12.5 milyon dola pou ekspansyon an pou elèv adilt ki kalifye k ap prepare pou karyè nan lojistik, kontwòl ak transpò trafik ayeryen, ak jesyon ijans, epi tou pou fè li pi fasil pou elèv adilt yo retounen nan kolèj pou pouswiv etid enfimyè si yo deja gen yon diplòm anvan. Sa ta ranfòse investisman inisyalyal Gouvènè a nan 47 milyon dola nan ane fiskal 2026 pou etabli pwogram bous detid sa a.

Ekip Reyabilitasyon Pwofesyonèl Komisyon Konpansasyon Travayè a bay yon pakèt sèvis sipò pou travayè blese yo, tankou devlopman CV, asistans pou chèche travay, koneksyon ak anplwayè yo konsènan travay lejè oswa altènatif, ak plis ankò. Komisyon an genyen tou travayè sosyal klinik ki gen lisans nan pèsònèl la pou ede travayè blese yo fè fas ak difikilte ki ka akonpaye yon aksidan oswa yon maladi ki gen rapò ak travay. Tout sèvis pou travayè ki blese yo gratis. Pou aprann plis bagay sou sèvis sipò Komisyon an, vizite wcb.ny.gov/content/main/Workers/lp_services.jsp. Pwopozisyon Eta Leta 2026 Gouvènè a gen ladan l tou yon pwopozisyon pou ede travayè blese yo plis toujou grasa amelyorasyon aksè a swen medikal. Olye pou Gouvènè a mande yon otorizasyon espesyal nan men Komisyon an pou trete travayè blese yo, li pwopoze yon lejislasyon ki pral pèmèt tout founisè medikal ki kalifye e ki an règ, pou trete travayè blese yo.

Enfòmasyon sou State University of New York

Inivèsite Eta Nouyòk se pi gwo sistèm konplè edikasyon siperyè nan Etazini, epi plis pase 95 pousan nan tout Nouyòkè yo ap viv nan yon distans 48 km (30 mil) de nenpòt nan 64 fakilte oswa inivèsite SUNY yo. Nan tout sistèm lan, SUNY genyen kat sant sante akademik, senk lopital, kat fakilte medikal, de fakilte dantè, yon lekòl dwa, pi ansyen lekòl maritim nan peyi a, sèl fakilte optometri eta a, 12 Sant Opòtinite Edikatif, plis pase 30 laboratwa alfabetizasyon dijital (ATTAIN), epi li jere yon Laboratwa Nasyonal Depatman Enèji Etazini (US Department of Energy National Laboratory). An total, SUNY sèvi anviwon 1.7 milyon etidyan nan tout pòtfèy kou ak pwogram kredi epi ki pa mande kredi, edikasyon kontinyèl ak pwogram sansibilizasyon kominotè li yo. SUNY an siveye prèske yon ka nan rechèch akademik nan Nouyòk. Depans pou rechèch nan tout sistèm nan te prèske 1.5 milya dola nan ane fiskal 2025 an, ki genyen ladan yo gwo kontribisyon etidyan ak fakilte yo. Genyen plis pase twa milyon ansyen etidyan SUNY nan monn lan epi youn sou chak twa Nouyòkè ki genyen yon diplòm inivèsitè se yon ansyen etidyan SUNY. Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason SUNY kreye opòtinite, vizite suny.edu.

Prezantasyon [The City University of New York](http://www.cuny.edu)

[City University of New York](http://www.cuny.edu) se pi gwo inivèsite piblik iben peyi a, yon motè transfòmateur mobilite sosyal ki se yon eleman enpòtan pou fonksyonman Vil New York. Li te fonde nan ane 1847 kòm premye enstitisyon piblik edikasyon siperyè peyi a, CUNY jodi a gen sèt kolèj kominotè, 11 kolèj siperyè ak uit enstitisyon diplòm avanse, dezyèm sik ak pwofesyonèl ki repati nan senk minisipalite Nouyòk yo k ap sèvi 247,000 etidyan premye sik ak nan nivo diplòm epi ki bay 50,000 diplòm chak ane. Melanj kalite ak aksesibilite CUNY an pwopilse prèske sis fwa plis etidyan ki gen revni ba nan klas mwayèn nan ak odela ke tout inivèsite Ivy League yo konbine. Plis pase 80 pousan diplome Inivèsite yo rete nan Nouyòk, kontribiye nan tout aspè ekonomik vil la, sivik ak lavi kiltirèl epi divèsifikasyon mendèv vil la nan tout sektè. Diplome ak pwofesè CUNY yo te resevwa anpil onè prestijye, ki gen ladan 13 pri nobèl ak 26 sibvansyon MacArthur "Genius". Misyon istorik inivèsite a kontinye jiska jodi a: bay yon edikasyon piblik premye klas pou tout etidyan yo, kèlkeswa mwayen oswa kote yo soti. Pou jwenn plis enfòmasyon sou CUNY, vizite <https://www.cuny.edu>.

Konsènan Komisyon Konpansasyon Travayè Eta Nouyòk la

Konpansasyon travayè a se yon asirans ki bay benefis pou pèt salè ak/oswa swen medikal pou blesi oswa maladi ki gen rapò ak travay. Benefis sa yo disponib pou tout travayè ki kalifye nan Eta Nouyòk, kèlkeswa sitwayènte oswa sityasyon imigrasyon yo. Komisyon Konpansasyon Travayè a sipèvize administrasyon konpansasyon travayè, benefis pou moun ki gen andikap, ak Konje Fanmi Peye nan Eta Nouyòk. Misyon li se pwoteje dwa anplwaye yo ak anplwayè yo lè li asire bon jan distribisyon benefis yo epi nan pwomouvwa respè lwa yo. Jwenn plis enfòmasyon sou www.wcb.ny.gov.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov

Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)